



Tax Collector

Fòm sa a s pou preparé w pou tès kondwi w la. Tanpri li fòm sa a epi pozé kesyon si ou pa sèten nan anyen anvan ou kòmanse tès ou a.

Enstriksyon Pou Tès Kondwi



Ou dwe sipoze fè manèw sa yo



Preparasyon pou ou Tès Kondwi.

1. Rive 15 minit anvan randevou-w la epi pake nan espas ki pi pre ofis la.
2. Ou pral oblije minnin yon mashin nan kondisyon operasyon pou fè tès la. Mashin nan dwe pwòp, sanite epi san debri.
3. Mashin nan dwe pase yon ekspeksyon anvan tès la. Si mashin nan pa pase tes la. Fo ou fe yon lot randevou. Yo ka ba ou plis enfòmasyon nan biwo ki devan.
4. Fo mashin nan gin rejistrasyon avek asirans valib.
5. Depatman Sekirite Wout ak Vehikil Motè nan Florid la mande pou tout egzamen yo fèt an anglè sèlman.
6. Pandan tès kondwi a, egzaminatè a ap ba ou direksyon ki kote pou ale ak sa pou w fè anapre. Pa ezite mande egzaminatè w la pou klarifye sa li mande w.
7. Kalme kow epi obeyi tout limit vitès yo ak tout lwa trafik yo. Pa gen bagay nan tes la ki pou twonpe w.
8. Pandan tès la ou pral oblije fè mouvman nesèsè de kondwi.
9. Apre tès la fini, egzaminatè a pral revize rezilta tès ou yo avèk ou. Si w diskalifye yap mande w pou etidye oswa por antrene kondwi e pou fe yon lot randevou pou yon lot jou pou pran tes la anko.
10. Tès kondwi a ka retade oswa anile akòz move tan.
11. Premye tès kondwi ya se \$6.25; chak tès ki vin apre se \$26.25
12. Si w pèdi pèmi de kondwi oswa si w bezwen shanje adrès ou oswa chanje non w, yap shaje w yon lot \$25.00.


Tanpri sonje: Pou evite anile randevou, ou dwe pare e prepare pou kondwi avek tout dokiman nesèsè pou tes la.

Si Egzaminatè de Lee County Tax Collector a santi li danjere pou pèmèt mwen kontinye opere mashin nan pandan tès sa a, mwen bay egzaminatè a pèmision pou kondui mashin nan pou tounen nan biwo Tax Collector a.

Siyen:

dat:

- **Apwòche kote ou Travèse** - Ale nan ling korek la epi gade nan chak direksyon. Si mashin nan gen manyèl transmisyon Chanje tranmisyon an san pwoblèm epi kòrèkteman 30 a 40 pies.
- **Use la postura apropiada** - Mantenga las dos manos sobre el volante y no descanse su codo en la ventana.
- **Fè bak** - Retounen pou yon distans 50 pye nan yon vitès dousman. Pa itilize retwovizè w le wap fè bak. Gade dèyè pito
- **Swiv nan yon bon distans** - Pa kondwi twò pre dèyè lòt machin. Itilize Règ de kat segonn




- **Obsève Dwa Pasaj** - Pèmèt pyeton yo travèse, rale sou kote epi kanpe pou machin ijans, epi pa antre nan yon entèseksyon ki ka bloke lòt trafik.
- **Obeyi Siy Pou Kanpe** - Bay bon siyal si wap vire, apwoche nan bon liy nan, vini nan yon arè konplè anvan ou rive nan pyeton de pasaj oswa liy kanpe, epi rete kanpe jiskaske ou ka deplase san danje pou lot trafik kap travèse oswa pyeton. Kenbe nan tèt ou ke pifò entèseksyon yo genyen pasaj legal ki make oswa ki pa make. Yon pasaj pou pyeton ki pa make se pòsyon wout la nan yon entèseksyon ki ta konekte bò opoze nan lari a.
- **Obeyi siyal trafik yo** - Antre nan bon liy nan epi pwoche bò limyè a nan yon vitès ki pral pèmèt ou rete si limyè a ta dwe chanje. Lè ou dwe kanpe, kanpe devan pasaj pyeton an, oswa kanpe liy lan. Lè limyè a tounin vèt, pa avanse jiskaske lòt machin yo genyen pass nan entèseksyon an. Bay siyal ki kòrèk la pou kanpe ak vire. Siveye siy "pa vire" ak "yon sèl chemen".

- **Pase** - Toujou gade devan ak dèyè pou asire w ou ka pase san danje. Pase sou bò gòch la, sof si machin ki devan an pral fè yon vire agòch oswa se nan liy vire a goch nan yon lari ki gen plis liy nan chak direksyon. Pa pase sou zepòl la (sou bò wout la).

- **Chanje angrenaj** - Chanje angrenaj san pwoblèm epi kòrèkteman (si machin ou gen yon transmisyon manyèl chanjman).

- **Pakin dirèk** - Pake machin nan andan yon espas pakin dwat. Lè ou byen pake, mashin nan ta dwe santre andedan espas la pa gen okenn pati nan mashin nan ki pwolonje soti nan la liy trafik. Manèw sa a bay egzaminatè a opòtinite pou w obsève kapasite w pou:
 - a) okipe veyikil la byen fèmèn
 - b) jij distans
 - c) kenbe kontwòl machin nan pandan w ap vire nan yon espas pakin tou dwat.



- **Rete obyèn Ale sou on mòn** - Si pa gen okenn mòn nan tès kondwi ya, manèw sa fet lè machin nan nan yon espas pakin tout dwat oswa lè machin nan rale sou bò wout la anvan yon manèw vire. Ou pral resevwa enstriksyon pou montre oswa di egzaminatè a kisa ou ta fè si ou ta kite veyikil la pake oswa desann yon ti mòn, avèk oswa san yon twotwa.

- **Rete vit** - Kondwi a 20-mil pa èdtan epi fè yon kanpe rapid, san danje lè egzaminatè a di ou.

- **Siyal epi vire** - Antre nan bon liy nan epi fè siyal pou vire pou dènye 100 pye yo. Ou ka sèvi ak siyal men w oswa siyal mekanik. Ralanti anvan ou rive nan pasaj pou pyeton yo epi vire nan bon liy nan.

- **Rete nan liy ki kòrèk la** - Kondwi nan liy ka adwat la eksepte nan lari ki gen yon sèl bò. Pa chanje liy jiskaske ou ka fè sa san danje.

- **Vire (Twa pwen vire)** - Vire machin ou an nan yon espas de 30 a 40 pye.

- **Sèvi ak bon pozisyon** - Kenbe tou de men w sou volan an epi pa poze koud ou sou fen.

